

# Lwa Massachusetts Konsènan Vant Taba

MGL, ch. 270, seksyon 6: Vant oswa bay pwodui taba bay moun ki poko gen 21 lane

## Seksyon 6.

(a) Jan yo itilize l nan seksyon 6A ak 7, ekspresyon ki annapre yo gen siyifikasyon ki dekri anba la a, eksepte si kontèks la di yon lòt bagay aklè:

*"Fabrikan"*, yon moun ki fabrike oswa produi yon produi taba.

*"Moun"*, yon moun, yon antrepriz, yon fidisyè, yon patenarya, yon gwo biznis (kòporasyon), yon twòs oswa yon asosyasyon, kèlkeswa jan li te kreye a, oubyen yon klèb fidisyè, yon ajans oswa yon administratè jidisyè.

*"Etablisman Detayan"*, yon adrès komèsyal fizik oswa yon seksyon yon adrès komèsyal kote moun fè biznis kote yo ofri yon pwodui taba kliyan kapab achte.

*"Detayan"*, yon moun k ap jere yon etablisman detayan.

*"Pwodui taba"*, yon pwodui ki gen ladann, ki fèt oswa ki derive apatide taba oubyen nikotin, ki pou moun konsome, kèlkeswa si se pou fimèn, moulen, absòbe, disoud, inale, renifle, snife oswa vale nan nenpòt lòt fason toujou ki gen ladann, men se pa sa sèlman, sigarèt, siga, ti siga, taba pou moulen nan bouch, taba nan pip, taba pou renifle (snuff), sigarèt elektwonik, siga elektwonik, pip elektwonik, sistèm distribisyon nikotin elektwonik oubyen nenpòt lòt pwodui sanblab ki baze sou vaporizasyon oswa ayewolizasyon (spre); a kondisyon, sepandan, ke "pwodui taba" enkli tou nenpòt konpozan, pati oubyen akseswa yon pwodui taba; epi akondisyon toujou ke "pwodui taba" pa enkli ladann okenn pwodui Administrasyon Etazini pou Aliman ak Medikaman (United States Food and Drug Administration) te apwouve li deja pou lavant oswa pou itilize li kòm yon pwodui pou ede moun sispann pran taba epi ki komèsyalize epi yo vann eksklizivman pou yon objektif ki apwouve.

(b) Li entèdi pou yo vann oswa ofri okenn pwodui taba bay yon moun ki poko gen 21 lane.

(c) Okenn fabrikan oswa detayan gen dwa pou distribye oswa fè ke yo distribye yon echantiyon gratis yon pwodui taba nan yon etablisman detayan oubyen nan nenpòt lòt etablisman komèsyal; akondisyon, sepandan, ke sou-seksyon sa a pa aplikab pou magazen detayan taba ak bar kote moun fimèn, jan sa dekri nan seksyon 22.

(d) Yon moun ki pa reespekte seksyon sa a ap resevwa yon amann **\$1,000** pou premye vyolasyon an, **\$2,000** pou yon dezyèm vyolasyon epi **\$5,000** pou yon twazyèm ak pou tout vyolasyon ki vini annapre yo.

(e) Depatman sante piblik la gendwa apwouve règ pou mete seksyon sa a anplas.

MGL, ch. 270, seksyon 6A: Vant papyè pou woule taba bay yon moun ki poko gen 21 lane

## Seksyon 6A.

Yon moun ki vann papyè pou woule taba bay yon moun ki gen mwens ke 21 lane ap sibi sanksyon yon amann **\$25** pou premye vyolasyon an, **\$50** pou dezyèm vyolasyon an epi **\$100** pou yon twazyèm oswa pou tout lòt vyolasyon ki vini apre yo.

